Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1 MILYON DOLA YO AKÒDE POU FÒMASYON EKOLOJIK KOMINOTÈ NAN JISTIS ANVIWÒNMANTAL NAN KOMINOTE YO ATRAVÈ NEW YORK

Gouvènè a Anonse Yon Lòt 1 Milyon Dola ki Disponib Kounye a pou Nouvo Finansman pou Sant Edikasyon Anviwònmantal Iben yo

Gouvènman Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te akòde sibvansyon pou Djòb Ekolojik pou Jèn (Green Jobs for Youth) yo bay 10 òganizasyon atravè eta a pou sèvi kominote ki fè fas ak pwoblèm jistis anviwònmantal ak chomaj yo. Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) an te pibliye yon apèl dòf pou 1 milyon dola pou nouvo sibvansyon pou sipòte yon inisyativ pou fè pwomosyon edikasyon anviwònmantal atravè devlopman Sant Edikasyon Anviwònmantal Iben yo (Urban Environmental Education Centers).

“Lè n envesti nan kominote ki defavorize New York yo epi sipòte devlopman mendèv ekoloj, n ap ede atenn objektiv jesyon enèji pwòp ak dlo lapli, pandan n ap fè pwomosyon pou mòd vi ki sen ak jistis anviwònmantal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York angaje pou kreye opòtinite ekonomik pou kominote yo atravè eta a, epi lè n asire ke gason ak fi yo benefisye nan ekonomi enèji pwòp k ap devlope a, n ap etabli yon New York ki pi bon, pi sen pou tout moun.”

Finansman pou pwogram fòmasyon pou djòb ekolojik la te premye anonse nan platfòm jistis anviwònmantal Gouvènè Cuomo a pandan Diskou 2017 sou Sitiyasyon Eta a. Pwogram fòmasyon ki finanse yo genyen ladan yo fòmasyon sou antreprenarya nan agrikilti iben, kapasite ki nesesè nan enfrastrikti ekolojik, ak fòmasyon sou enstalasyon solè.

Yo te akòde Sibvansyon pou Djòb Ekolojik pou Jèn yo bay òganizasyon sa yo:

Vil New York:

- West Harlem Environmental Action, Inc. - 80,000 dola pou Pwogram Fòmasyon Travayè WEACT k ap founi fòmasyon nan enstalasyon solè.

- St. Nicks Alliance Corp. - 64,500 dola pou Inisyativ Emerald k ap bay fòmasyon nan enfrastrikti ekolojik.
- Sustainable South Bronx - 100,000 dola pou pwojè Kaptire Solèy la k ap bay fòmasyon nan enstalasyon solè.
- United Community Centers - 100,000 dola pou Fèm Lwès New York (East New York Farms)! Pwogram pou jèn k ap bay fòmasyon sou agrikilti iben.

Mid-Hudson Valley:

- Poughkeepsie Farm Project - 100,000 dola pou Inisyativ Agrikòl Iben Poughkeepsie (Poughkeepsie Urban Farming Initiative) k ap bay fòmasyon nan agrikilti iben.

Kapital Rejyon:

- Social Enterprise and Training Center - 100,000 dola pou Inisyativ Vè Sant SEAT k ap bay fòmasyon nan enfrastrikti ekolojik ak enènji efikas.

New York Santral:

- Workforce Investment Board of Herkimer, Madison & Oneida Counties Inc. (sponsò fiskalpou Sant Kominote Sant Vil Utica) (Midtown Utica Community Center) - 100,000 dola pou Pwogram Fòmasyon pou Nouvo Karyè Ekolojik Ameriken nan enstalasyon solè.
- Volunteers Improving Neighborhood Environments Inc. - 100,000 dola pou Pwojè Devlopman Grow Binghamton Workforce k ap bay fòmasyon nan agrikilti iben.

Rejyon Lwès New York:

- Groundwork Buffalo, Inc. - 99,977 dola pou pwojè Fresh Food Fellows k ap bay fòmasyon nan agrikilti iben.
- People United for Sustainable Housing, Inc. - 100,000 dola pou Pwogram Fòmasyon Jèn Gad Anviwònmantal k ap bay fòmasyon nan enfrastrikti vè.

Se DEC ki jere finansman yo ak fon ki soti nan Fon pou Pwoteksyon Anviwònmantal New York (New York's Environmental Protection Fund), ki nan lane 2017, genyen yon rekò 8 milyon dola pou pwogram ak pwojè jistis anviwònmantal.

Lòt 1 milyon dola Gouvènè te anonse pou sibvansyon pou Sant Edikasyon Anviwònmantal Iben yo, enpòtan anpil nan efò eta a pou konbat chanjman klimatik la. Nouvo opòtinite pou sibvansyon Sant Edikasyon Anviwònmantal Iben yo, ki jere pa DEC a, sipòte platfòm jistis anviwònmantal Gouvènè a epi fè pwomosyon edikasyon. Sibvansyon sa yo disponib pou òganizasyon ki baze nan kominote yo pou devlope sant edikasyon anviwònmantal nan zòn iben yo pou edike rezidan yo sou anviwònman yo, defi jistis anviwònmantal yo, teknoloji vè ak dirabilite anviwònmantal iben.

Opòtinite sibvansyon an disponib sou New York State Grants Gateway (Pòtay Sibvansyon Eta New York). Dat limit aplikasyon yo se 2 Fevriye 2018 a 3 è p.m.

“Sibvansyon pou Djòb Ekolojik pou Jèn yo se yon nouvo opòtinite finansman ki soti nan DEC e ki sipòte travay enkwayab òganizasyon kominotè yo pandan y ap fè pwomosyon pou djòb ekoloj nan katye yo”, **Komisyonè DEC, Basil Seggos, te di.** “Pwogram sa yo ap ede asire ke rezidan kominote yo k ap fè fas ak chaj anviwònmantal yo prè epi yo an mezi pou antre nan mendèv ekolojik New York la epi amelyore anviwònman yo nan kominote yo.”

Senatè Tom O’Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònmantal (Senate Environmental Conservation Committee), te di, “Djòb Ekolojik pou Jèn ak Sant Edikasyon Anviwònmantal yo se inisyativenpòtan nan kad estrateji kontini epi konplè Eta New York pou sekirize yon pozisyon ki fèm nan ekonomi enèji pwòp la”.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Sibvansyon Jistis Anviwònmantal yo, vizit sitwèb DEC a nan www.dec.ny.gov/public/333.html oswa kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal (Office of Environmental Justice) DEC a nan 518-402-8556.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418